



Ruheshi / Juni 2021

kirundi

## Hano hariho umuhungu afise Imikate itanu ikaranze n'ifi zibiri !

(Yohani 6,9)

### Kontakt:

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432  
Mail:  
[meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
[www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

**Nanje ndaguha ico mfise!**  
**I'll give you what i have!**

Bakunzi ba go4peace,

Yari yakurikiye abantu ku rusaku. Mbere ntイヤリ azi n'ivyo ari vyo. Arikō ico bikoze yumva ashaka kuba mu bandi. Uyo tuvuga rero ni umuhungu mutoyi, yoba yari afise nk'emyaka 8 canke 9. Yari avuye kwigurira umukate n'ifi. Aho yobijanye i muhira, yakwegakwezwe n'ishengero ry'abantu. Abo nabo bariko bakurikira umwigishwa rurangiranwa yitwa Yezu. Eka amajambo yiwe yari yuzuye ubuzima. Umwe wese yamwumviriza n'igishika. Niho rero hagera igihe co gufungura. Uyo Mwigisha nawe ntイヤルungitse abantu i muhira, ahubwo yarondeye ingene yobagaburira.

Ivyo guhaga vyashobotse batanguye kugabangana. Wa mukunzi wacu niwe yabatembeye imbere. Yatanze ivyo yasumye vyose, ya mikate itanu na za fi zibiri. Mbe bane nyina amurindiriye aza kuvuga ngw'iki? Muri ico gihe ivyo ntavyo yari anezwe. Ubu ico ababaye, ni ugsangira n'abandi gusa. N'umutima wiwe w'umwana, yaratanze ivyo yari afise vyose. Emwe, wa mutima wagutse uri bwamubere icigwa! Aho bahereje gufungura, begeranije ubice vy'imikate yasigaye, bujuje ibikemanyi 12.

Mu ci ry'umwaka wa 2011, narajanye n'imikangara myinshi mw'ihwaniro mpuzamakungu ry'urwaruka ryabereye i Madrid. Inyuma y'urugendo rurerure kandi mu bushuhe bwinshi (40°C), twarahimbawé tubonye tugiye twashika ku kibuga c'indege i „Cuatro vientos“. Aho niho habera iryo koraniro ryo gusozena. Turi mu giteramo co ku mugoroba, niho haduka imvura nyinshi iragwa yuzuye imituragaro. Umusore mubo twari kumwe yari yitwaje akamwanya kanini mu ndebuye yiwe yo mu mugongo. Araheza arugurura yugamika abari iruhande yiwe, arikō we ubwiwe arajoba bikomeye. Emwe, umenga ndacabona agahimbare kari kamwuzuye mu maso. Yari ahimbawé n'uko yashoboye gutanga ico yari afise. **Nanje nguhaye ico mfise! – I'll give you, what I have!**

Ku bwa go4peaceTeam

Meinolf Wacker